

Pou Piblikasyon Imedya: 14/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KONSÈY KONSÈVASYON ISTORIK ETA A
REKÒMANDE 18 NOMINASYON POU REJIS LYE ISTORIK ETA AK NASYONAL**

New York Ap Kontinye Mennen nan Rekonèt Istwa Divès

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Konsèy Administrasyon pou Prezèvasyon Istorik Eta New York la (New York State Board for Historic Preservation) te rekòmande pou yo ajoute 18 pwopriyete, resous ak distri nan Rejis Lye Istorik Eta ak Nasyonal yo (State and National Registers of Historic Places). Nominasyon yo reflète divèsite frapan nan istwa Eta New York ki soti nan dènye kay otè ak aktivis dwa sivil James Baldwin nan Vil New York ale nan fèm Adirondack la ki te enspire atis rekoni Rockwell Kent.

"Lokal istorik sa yo souliye anpil nan bagay eksepsyonèl ak eksitan konsènan istwa New York ak onore eritaj kèk nan lidè ki pi distengue nan eta a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè nou plase moniman sa yo nan Rejis Lye Istorik Eta ak Nasyonal yo, n ap ede asire lokal sa yo ak gadyen yo gen finansman yo bezwen pou prezève, amelyore ak pwomouvwa sa ki pi bon nan Empire State lan."

Rejis Eta ak Nasyonal a kapab ede mèt pwopriyete yo modènize bilding yo, sa ka fè yo vin elijib pou plizyè pwogram ak sèvis prezèvasyon piblik, tankou pou reponn a sibvansyon eta a yo ak kredi taks federal ak eta ki disponib pou reyabilitasyon istorik yo. Depi lè Gouvènè a te siyen pwojè lwa pou apwiye itilizasyon eta a de kredi enpo reyabilitasyon yo an 2013, pwogram eta ak federal la te favorize investisman konplè plizyè milya dola nan pwopriyete komèsyal istorik yo ak plizyè dizèn milyon dola nan kay istorik kote mèt kay yo rete.

Rejis Eta ak Nasyonal a se lis ofisyèl bilding, estrikti, distri, peyizaj, objè ak sit enpòtan nan istwa, achitekti, akeyoloji ak kilti Eta New York ak peyi a. Gen plis pase 120,000 bilding istorik, estrikti ak sit toupatou nan eta a ki enimere nan rejis nasyonal plas istorik la endividyèlman oswa tankou konpozan nan distri istorik yo. Mèt pwopriyete, minisipalite ak òganizasyon nan kominote toupatou nan eta a te fè pwomosyon nominasyon yo.

Yon fwa ofisyèl prezèvasyon istorik eta a apwouve rekòmandasyon yo, yo ap antre pwopriyete sa yo nan lis Rejis Lye Istorik Eta New York la epi apresya yo te nomine yo pou yo mete yo nan Rejis Lye Istorik Nasyonal la, kote yo te revize yo, epi yon fwa yo apwouve yo, yo ap rantre yo nan Rejis Nasyonal la. W ap jwenn plis enfòmasyon ak foto sou nominasyon yo disponib sou [sitwèb](#) Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation).

Senatè José Serrano, Prezidan Komite Afè Kiltirèl, Touris, Pak ak Lwazi a (Committee on Cultural Affairs, Tourism, Parks and Recreation), te deklare, "Prezèvasyon istorik sèvi kòm yon motè ekonomik pou pwomouvwa aktivite touristik ak kreye djòb, pandan n ap selebre eritaj kiltirèl divès ki nan eta nou an. Lè yo liste pwopriyete sa yo sou Rejis Eta ak Nasyonal a pral bay Nouyòk ak vizitè yon apresiyasyon pou istwa nou an, pandan n ap sipòte revitalizasyon kominote atravè eta a. Mwen felisite Gouvènè Cuomo ansanm ak Komisè Kulleseid pou angajman yo pou prezève istwa New York pou jenerasyon k ap vini yo".

Erik Kulleseid, ki se Komisè Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) te deklare, "Lè nou prezève ak revitalize lokal istorik sa yo, nou ka ankouraje kwasans ekonomik entelijan, touris, ak fyète kominote. Lè nou liste pwopriyete sa yo sou Rejis Eta ak Nasyonal pou Plas Istorik yo, sa pral ede asire yo kontribye nan fiti New York".

Capital Region

Distri Istorik Ancramdale, Ancram: Amo nan entèseksyon riral yo karakterize atravè yon koleksyon bildin modès tipik ki kolektivman reprezante kwasans nan lokalite sa a soti nan kòmansman 19yèm syèk lan, lè antrepriz minyè te inisyalman enstale yo lòtbò a, jiska kòmansman ane 1950 yo, lè yo te konstwi dènye bildin yo.

Fèm Bigelow-Finch-Fowler, West Lebanon: Pyès metrès pwopriyete sa a se yon kay brik konfòtab nan zòn 1830, ki rekonèt sou non famiyè kòm "The Century" (Syèk la). Yo te etabli ladan li inisyalman nan fen 18yèm syèk gras ak pyonye New England Jabez Bigelow (1726-1808), kote prezans fanmi li te rezon ki fè yo rekonèt istorikman zòn West Lebanon lan nan non Bigelow Flats oubyen Bigelow Hollow. Pwopriyete a rete enpòtan tou akòz asosyon li apre ak Warren Fowler, kote vizyon li pou sèvis rejyonal telegraf ak telefòn ede pou redefini lavi andan ak otou New Lebanon nan fen dizneyèm syèk la.

Otèl Patman Alexandra, Schenectady: Bildin lan ki gen senk etaj nan estil Queen Anne lan ki te konstwi an 1900 ak te sible rezidan ki te prensipalman anplwaye nan General Electric Company, kote travay endistriyèl li yo te a yon ti distans vwayaj nan charyo. Yo asosye bildin lan ak kwasans Schenectady epi li enpòtan kòm yon tip bildin otèl apatman.

Finger Lakes

Distri Istorik Koda-Vista, Greece: Anklav sibiben rezandyèl ki entak lan, yo te premye rete ladan li nan ane 1920 yo prensipalman pa anplwaye nan Eastman Kodak Company ak asistans yon asosiyasyon epay ak kredi konpayi an te fonde. Distri a enkli twa sibidizyon separe ki te devlope ant ane 1920 yo ak ane 1960 yo epi yo note li pou gwo koleksyon achitekti rezidansyèl popilè pou klas mwayèn.

Bildin ak Otèl Powers, Rochester: Nominasyon an ajoute Otèl Powers, ki te konstwi an 1881, sou lis Rejis Nasyonal lan pou Bildin Powers, yo te mete l sou lis lan endividyèlman orijinalman an 1973. Bildin yo te fonksyone istorikman kòm yon pè konplèmantè, ki entekonekte nan etabli ak ranfòse enpòtans West Main Street ak zòn Four Corners, ki ofri sèvis entekonekte sa enkli espas biwo ak rankont, restoran, amenajman pou pou vizitè ak vandè ak espas pou konvansyon.

Long Island

Distri Istorik East Marion Main Road, Southold: Amo an te grandi olon wout prensipal la sou North Fork nan Long Island ant mwatye 18yèm syèk ak mwatye 20yèm syèk yo, lè vityèlman tout fwaye nan East Marion te resevwa sipò nan lapèch, agrikilti oubyen yon konbinezon toulède. Distri an reflete etablisman ak kwasans East Marion epi li genyen yon koleksyon resous achitekti ki reflete estil popilè nan peryòd ki gen enpòtans sa a.

Rezidans Frederick ak Annie Wagner ak Legliz Katolik Romen St. Patrick, Smithtown: Nominasyon sa a enkli de resous separe ki endividyèlman siyifikatif. Yo te konstwi kay lan an 1912 pou Frederick J. Wagner, ki gen selebrite nasyonal ak entènasyonal nan kous machin, epi li achitektirèlman enpòtan pou konsepsyon li pa Gustav Stickley, yon lidè nan Mouvman Aktivite Atistik ak Atizanal Ameriken an. Legliz lan, yo te konstwi an 1928 pou 1929, sou teren ki ansyènman te fè pati de domèn Wagner, rete enpòtan pou konsepsyon renesans Tudor pa achitèk McGill ak Hamlin.

Mohawk Valley

Kay James H. Case III ak Laura Rockefeller Case, Van Hornesville: Se yon ekselan ekzanp reprezantatif yon konplèks kay vakans estil modèn mwatye syèk la, yo te konstwi pou Cases an 1962 ak 1963 epi *Architectural Record* te rekonèt li an 1967 kòm "kay ane a". Se te premye gwo kòmman nan men achitèk rekoni Willis N. Mills Jr.

Distri Istorik Pon Palatine, Pon Palatine: Distri istorik lan enkli 136 bildin prensipal ki kontribye, yon pak ak de simityè ki te konstwi olon de prensipal wout transpò yo, West Grand Street ak Lafayette Street, nan koloni peryòd 18yèm syèk lan atravè dènye jou nan ekspansyon apre Dezyèm Gè Mondyal.

Distri Istorik Fultonville, Fultonville: Kolonizasyon ak kwasans Fultonville rete dirèkteman lye a pozisyon li olon wout transpò natirèl ak lèzòm fè, ki kòmanse ak konstriksyon Kanal Erie an 1920 pou ale nan ouvèti Otowout Eta New York nan 1955. Distri a genyen yon koleksyon bildin rezidansyèl ak komèsyal 19yèm ak 20yèm syèk ki reflete pwosperite kominote an pandan peryòd istorik lan.

Mid-Hudson Valley

Kay Wòch Hasbrouck, Fallsburg: Yo te konstwi kay sa a nan epòk 1815 pou fanmi Anthony Hasbrouck (1788-1840), yon manm nan youn nan fanmi preponderan nan premye fanmi kolonyal yo nan rejyon an. Hasbrouck, yon sitwayen rekoni pou tèt pa l, yo te asasine l nan kay la an 1840 nan youn nan premye ka asasina ki pi koni nan Konte Sullivan. Kay la se yon ekzanp siyifikatif konsepsyon kay wòch popilè nan rejyon an.

Vil New York

Rezidans James Baldwin, New York: Rezidans ki nan Upper West Side la rete eksepsyonèlman enpòtan nan literati ak istwa sosyal pou asosiyasyon li ak otè ameriken notab ak aktivis dwa sivil James Baldwin padnan dènye peryòd lavi li, 1965 a 1987, lè li te pwopriyete kay sa a epi li te sèvi kòm rezidans prensipal li nan Etazini. Kòm yon otè omoseksyèl nwa, aktivis dwa sivil ak komantatè sosyal, Baldwin te transfòme epi kontinye transfòme diskisyon sou ras ak seksyalite nan Etazini ak aletranje.

Distri Istorik Plas Dorrance Brooks, Vil New York: Distri an enpòtan nan istwa sosyal ak etnik pou asosiyasyon li ak plizyè endividi ak enstitisyon enpòtan nan Renesans Harlem (Fen 1910 ak kòmansman 1930), lè pwodiksyon atistik ak entelektyèl ekstraòdinè nan men ekriven, atis, aktè, sosyològ, aktivis dwa sivil nwa ak lòt moun te pote distenksyon global bay Harlem. Li rete enpòtan tou kòm yon lokal rasanbleman pou demonstrasyon sosyal ak politik ak deklarasyon pou achitekti kay an ranje li an ki richman detaye.

Legliz Episkopal Metodis Fourth Avenue, Brooklyn: Yo te konstwi legliz lan an 1893 a 1894 pandan Pak Sunset t ap viv kwasans popilasyon rapid, konstriksyon lojman espekilatif ak ibanizasyon. Kongregasyon an, ki te plis pase 300 manm nan moman an yo te fini konstwi legliz lan, te atenn yon somè nan prèske 3,000 nan mwatye 20yèm syèk la. Li se yon ekzanp siyifikatif yon Plan Konbinezon Akron pou Legliz ki te konsevwa nan men achitèk prensipal konpayi konsepsyon an, George W. Kramer.

Konplèks Kay Estasyon 32yèm Pòs lan (yo te rele li apre kòm 40yèm Pòs ak 30yèm Pòs), New York: Yo te konstwi li an 1871 a 1872, kay estasyon Dezyèm Anpi Fransè a reflekte ogmantasyon investisman vil lan te fè nan erije komisarya polis ki bèl, byen planifye ak byen ekipe ki ta pral sèvi bezwen ofisye pòs lapolis lan pandan li tou ap ofri yon konsantrasyon sivik enpresyonan sou katye a, pou l reprezante pouvwa ak enpòtans gouvènman vil lan.

North Country

Fèm Asgaard, Au Sable Forks: Fèm Adirondack lan se te kay, estidyo ak fèm travay atis Ameriken selèb nan 20yèm syèk lan Rockwell Kent, soti nan fen 1920 yo jiska lanmò li an 1971, epi Kent te montre karakteristik varye li yo ak anviwònman jeneral li yo nan anpil penti ki notab. Pwopriyete a genyen tou tonb atis lan, ak yon pyè tonbal li te konsevwa li menm.

Reiyon Lwès New York

Konplèks Legliz Katolik Romen Kè Sakre: Niagara Falls Legliz Estil Neyogotik lan yo te konstwi an 1889 prezante yon konplèks ki enkli yon bildin lekòl estil renesans italyen nan ane 1900 ak yon adisyon an 1960, yon kouvan 1907 ak yon presbitè 1910 - ki reflekte kwasans pawas Kè Sacre (Sacred Heart) pandan 70 ane.

Sant Medical Delaware Avenue, Buffalo: Lè li te ouvri an 1958, yo te rekonèt kòm "youn nan sant medikal ki pi modèn nan peyi a" - li ofri "yon apwoch solisyon santralize" ki ta pral reponn a siksè a tout bezwen swen sante yon fanmi. Li se yon ekzanp siyifikatif yon bildin biwo medikal nan mwatye syèk lan nan estil Entènasyonal nan Buffalo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)